



Department of  
Education

Joel I. Klein  
Chancellor

4 jen 2010

Chè Paran oswa Gadyen,

Kòm ou ka konnen deja, lekòl nou yo ap rankontre gwo difikilte finansye. Palman Eta Nouyòk poko vote yon bidjè pou ane sa a, men bidjè Gouvènè a pwopoze a ta pral voye 500 milyon dola an mwens ba lekòl vil Nouyòk yo. Anplis rediksyon sa yo, nou gen plis depans—pou edikasyon espesyal ak pansyon, paegzanp—ki fè nou gen yon defisi ki plis pase 750 milyon dola.

Apati semèn pase, nou te panse nou ta pral voye 4400 pwofesè ale akòz defisi nan bidjè nou an. Men nan kòmansman semèn sa a, Majistra Bloomberg anonse ke l ap kanpe sou ogmantasyon salè yo te pwopoze pou de pwochen ane yo pou pwofesè ak moun ki nan administrasyon pou nou ka konsève pòs pwofesè nou yo. Menmjan tou, estaf ki fè pati administrasyon santral la pa p jwenn okenn ajisteman parapò ak sa yo depanse pou viv.

Kòm konsekans, nou pa p gen pou nou revoke okenn pwofesè ane pwochèn.

Mwen konnen li di pou edikatè nou yo ak fanmi yo pa resevwa ogmantasyon sa yo. Men mwen kwè moman difisil sa yo mande pou nou tout fè sakrifis. Nou deja fè yon rediksyon 20 pousan nan bidjè administrasyon santral la nan de ane pase yo, ansanm ak yon rediksyon 550 pòs apeprè nan estaf. Ane pwochèn, biwo santral yo ap gen yon rediksyon 40 milyon dola apeprè ak yon lòt 5% rediksyon pami estaf la.

Pandan n ap evite revokasyon pou anpeche lekòl nou yo sibi move konsekans rate lajan Eta genyen, sa pa rezoud pwoblèm bidjè nou yo. Nou toujou panse n ap pèdi omwen 2000 pwofesè ane pwochèn paske nou senpman pa ka ranplase pwofesè ki pran pansyon yo. Epi nou toujou ap fè fas avèk yon gwo defisi nan bidjè a, ki oblije nou fè ekonomi onivo santral ak nan lekòl yo. Pou ane lekòl k ap vini an, nou oblije koupe 4% nan bidjè lekòl yo. Mwen konnen rediksyon sa yo pa p fasil pou lekòl nou yo, espesyalman lè nou konnen sa pral ajoute sou 4.9% rediksyon ane pase a. Men n ap kontinye pran tout mezi ki posib pou kenbe pwofesè nou yo nan salklas yo epi diminye efè rediksyon sa yo sou elèv nou yo.

Mwen ankouraje w kontakte direktè lekòl pitit ou a oswa koòdonatè paran an si w ta gen kesyon byen presi sou lekòl la. Ou ka voye yon imèl tou nan [DOEBudget@schools.nyc.gov](mailto:DOEBudget@schools.nyc.gov).

Nan yon moman kote vil la—ak tout peyi a oblije fè sa yo dwe fè ak mwens lajan, plan sa a pèmèt nou kenbe sa ki pi enpòtan an pou elèv nou yo: pwofesè ki chaje ak resous, ki gen enspirasyon, k ap travay di pou fè yon vrè diferans nan vi yo.

Ak senserite,

Joel I. Klein  
Chanselye